



03/24/2025

Nan anvlòp la, w ap jwenn fòm enskripsyon kliyan nan Pwogram Dantè Ryan White la (RWDP). Tanpri ranpli tout enfòmasyon yo nan pi bon kapasite w. **KOUNYE A, NOU OBLIJE KOLEKTE VERIFIKASYON FINANSYE, ASIRANS MEDIKAL, AK REZIDANS CHAK DOUZ MWA POU KLIYAN AKTIF YO.**

Pa voye aplikasyon pou re-sètifikasyon 30 jou ou plus anvan dat ekspirasyon. Nou pral enfòme w, epi aplikasyon an pral detwi.

Pou kapab resevwa sèvis nan RWDP, kliyan yo dwe te dyagnostike ak VIH/SIDA epi dwe abite nan Massachusetts oswa nan twa konte sidès New Hampshire. Nenpòt moun, kèlkeswa revni yo, ka jwen konsèy epi refere bay yon dantis. Si kliyan an bezwen èd finansye, renouvle anyèl brit li pa dwe depase 500% nivo povrete federal la (2025: \$78,250; ajoute \$27,500 pou chak depandan).

Si yon kliyan genyen MassHealth, li oblije wè yon dantis ki aksepte MassHealth. Si yon kliyan genyen asirans dantè prive, RWDP pa ka peye pou okenn kopeman ak balans ki rete. Sa yo se direktiv ki dekri nan sibvansyon nou an, epi nou aplike yo strikteman.

Avan w pran yon randevou lakay dantis, OU DWE KONFIME kalifikasyon w ak estati patisipasyon kabinè dantè a. Pwogram nan genyen aranjman espesyal ak dantis sou kontra yo, epi referansyo ta dwe soti dirèkteman nan men pèsonèl nou. Kabinè dantè yo ka genyen règleman kont pa prezante, frè anreta, ak lòt penalite pou randevou kote kliyan pa ni prezante, ni rele. RWDP pa ka ranbouse w pou depans sa yo. Nou ta konseye w anpil kenbe kominikasyon ak kabinè dantè w la konsènan pwoblèm orè yo.

Yon fwa yon aplikasyon fin apwouve, yo pral voye yon lèt pou eksplike dat kouvèti yo. Si yon kliyan ta renmen pou kourye ale bay manadjè ka a, tanpri bay adrès manadjè ka a nan liy "Mailing Address (Adrès Postal)" la.

Aplikasyon yo ka soumèt ba nou pa faks oswa lapòs. Tanpri, pa ezite kontakte nou si w genyen kesyon. Ou ka jwenn enfòmasyon ak fòm pwogram yo tou nan boston.gov/bphc-rwdp.

Pwogram Dantè Ryan White



Lis Verifikasyon Enskripsyon nan Pwogram Dantè Ryan White

- ❑ **Ranpli Fòm Enskripsyon an**
- ❑ **Konsantman pou Divulgasyon Enfòmasyon** -Tanpri li l ak anpil atansyon, ranpli, siyen epi date li. Si nou poko etabli yon referans pou dantis, tanpri kite espas dantis yo vid.
- ❑ **Pwosedi Règleman pou Plent Pwogram Dantè Ryan White la** -Tanpri li l ak anpil atansyon, siyen epi date li.
- ❑ **Prèvi Estati VIH**- Lèt ke Doktè oswa Enfimyè Praktisyen siyen ki endike estati VIH la. Rezilta laboratwa yo akseptab tou. (Si se yon mizajou, nou ka itilize verifikasyon **ke nou genyen nan dosye a**).
- ❑ **Prèvi Revni**- (maksimòm revni anyèl pou resevwa èd finansye se \$78,250.00 pou chak fanmi ki genyen yon sèl moun) --**soumèt youn sèlman**:
 - kopi dènye fòm taks
 - kopi deklarasyon SSI/SSDI
 - 2 dènye souch chèk
 - Lèt manadjè ka ki ateste revni w.
- ❑ **Prèvi Rezidans** – (pwogram nan mande yon rezidans prensipal nan Massachusetts oswa nan konte New Hampshire sa yo: Hillsborough, Rockingham, ak Strafford. Li dwe koresponn ak adrès ki nan Fòm Enskripsyon Kliyan an) --**soumèt youn sèlman**:
 - 2 souch chèk ki montre adrès ou
 - kopi dènye fòm taks ki montre adrès ou
 - kopi deklarasyon SSI/SSDI ki montre adrès ou
 - kopi bòdwo sèvis itilite
 - kopi pèmi pou kondi aktif oswa kat idantifikasyon Eta a
 - kopi deklarasyon Prim Asirans Sante ki montre adrès ou
 - Lèt manadjè ka ki ateste rezidans ou.
- ❑ **Prèvi Asirans Medikal** -- **Soumèt youn sèlman**:
 - Lèt apwobasyon HDAP
 - Lèt konpayi asirans
 - Deklarasyon prim asirans sante
 - Lèt apwobasyon MassHealth
 - Kopi kat Asirans
 - Lèt manadjè ka ki sètifye asirans medikal ou.

Kòm rapèl, RWDP a pa kouvri ko-peman oswa balans ki rete nan nenpòt lòt asirans dantè. RWDP ka peye sèlman si tout lòt konpayi asirans yo te refize peye epi sa nan kad sèvis RWDP a. Tanpri sonje ke yon fwa yon moun enskri, li dwe mete ajou dosye li yo chak douz mwa pou yo rete aktif. RWDP ka peye pou sèvis yo sèlman pandan kouvèti a aktif. Tanpri soumèt fòm ak verifikasyon yo pa lapòs oswa faks.

03/24/2025



KONSANTMAN POU DIVILGE ENFÒMASYON

Mwen, _____:

- I. Otorize Pwogram Dantè Ryan White la (RWDP) nan Komisyon Sante Piblik Boston an pou divilge bay dantis mwen: _____ non mwen ak kalifikasyon m nan RWDP, ki enkli estati VIH mwen.
 - II. Otorize divilgasyon plan tretman dantè mwen an(yo) ak lòt enfòmasyon medikal konfidansyèl mwen yo soti: _____ bay RWDP nan bi pou detèmine si mwen kalifye pou RWDP. Sa ka enkli, men pa limite nan, enfòmasyon tankou non mwen, dyagnostik ki gen rapò ak estati VIH mwen, enfòmasyon sou tretman abi sibstans, sikonstans finansye, ak mòdvi mwen. Mwen konprann ke pèsònèl RWDP a pral egzamine dosye mwen sèlman pou detèmine kalifikasyon m nan RWDP a epi ke yo pa pral janm kopye ni pataje enfòmasyon yo andeyò RWDP sof si mwen ekspresman otorize sa.
 - III. Otorize divilgasyon plan tretman dantè mwen (yo) ak enfòmasyon konfidansyèl pou diskite ak manadjè ka mwen an: _____.
 - IV. Otorize RWDP a diskite enfòmasyon konfidansyèl ak doktè swen prensipal mwen an: _____.
 - V. Otorize RWDP a diskite enfòmasyon dantè mwen yo, ki ka enkli divilgasyon estati VIH mwen ak konjwen mwen, frè ak sè, paran, gadyen ad litem, pòtpawòl kanmarad, oswa lòt: _____.
- * _____ (Inisyal) Mwen dakò pou itilizasyon kominikasyon nan telefòn ak imel ant mwen menm ak RWDP.
- * _____ (Inisyal) Mwen dakò pou itilizasyon kominikasyon nan telefòn ak imel ant RWDP ak manadjè ka mwen an pou konfime non mwen ak kalifikasyon m, plan tretman m, ak lòt enfòmasyon konfidansyèl mwen, jan sa nesèsè pou konfòmite m nan RWDP.
- * _____ (Inisyal) Mwen dakò pou itilizasyon kominikasyon nan telefòn ak imel ant RWDP ak dantis mwen pou konfime non mwen ak kalifikasyon, plan tretman m, ak lòt enfòmasyon konfidansyèl mwen jan sa nesèsè pou konfòmite m nan RWDP.

Mwen aksepte risk ki lye ak tip divilgasyon ki dekri anlè yo, malgre prekosyon ke RWDP pran pou konfidansyalite. Mwen konprann ke enfòmasyon yo itilize oswa divilge dapre otorizasyon sa a kapab sijè a nouvo divilgasyon pa destinatè a epi, nan ka sa a, kapab pa soumeèt anba lwa federal oswa etatik ki pwoteje konfidansyalite. Konsantman sa a kapab anile nenpòt lè eksepte nan limit pwogram nan/dantist mwen a ki genyen pou fè divilgasyon an te deja pran mezi nan apiye sou li. Si li pa t anile anvan, konsantman sa a pral sispann yon (1) ane apre li te siyen.

Siyati pasyan: _____ Dat: _____

Siyati paran/gadyen: _____ Dat: _____

(kote li obligatwa)

1010 Massachusetts Avenue - Boston, Massachusetts 02118 - TEL 617/534-2344 - FAKS 617/534-2819

03/24/2025



Fòm Enskripsyon Kliyan nan Pwogram Dantè Ryan White

Pou izaj ☐ Nouvo kliyan
biwo sèlman: ☐ Mizajou kliyan

Dat:

SEKSYON 1 – IDANTIFIKASYON PASYAN

Prenon:

Dezyèm
Prenon:

Siyati:

Dat Nesans:

4 dènye chif NSS:

Prenon

Manman:

Sèks nan
nesans:

☐ Male

☐ Female

Koche youn

Sèks aktyèl:

Koche youn

☐ Male

☐ Female

☐ Transjan

☐ Enkoni

Si transjan

Koche youn:

☐ Pa espesifye

☐ Gason a Fi

☐ Fi a Gason

SEKSYON 2 – ENFÒMASYON KONTAK AK DEMOGRAFIK

Adrès Ri:

Vil:

Eta:

Kòd

☐

Koche si se menm ak adrès postal la

☐

Koche si kliyan pa gen kay kounye a

Adrès Postal:

Vil:

Eta:

Kòd

Telefò

Imel:

*Koche Wi **oswa** Non nan kare ki anba a:*

a) Èske nou ka rele w?

Wi

☐

Non

☐

b) Èske nou ka kite mesaj vokal?

Wi

☐

Non

☐

c) Èske nou ka imel ou?

Wi

☐

Non

☐

d) Mwen ta renmen yo voye tout kourye
lapòs **sèlman** bay manadjè ka m nan

Wi

☐

Non

☐

Manadjè ka:

Ajans:

Telefòn:

Imel:

Adrès Postal:

Vil:

Eta:

Kòd:

Ras. (*Koche tout sa yo ki aplikab*)

☐ Endyen Ameriken/Natif Alaskan

☐ Azyatik

☐ Nwa/Afriken Ameriken

☐ Natif Awayen/Moun Zile Pasifik

☐ Blan

☐ Enkoni/Pa Idantifye

Etnisite. *Koche youn kare:*

☐ Panyòl/Latino(a)

☐ Pa Panyòl/Latino(a)

☐ Enkoni

Gwoup rasyal/etnik siplemantè. *Koche tout sa yo ki aplikab:*

☐ Brezilyen

☐ Kap Vèdyen

☐ Ewopeyen nan Lès

☐ Ayisyen

☐ Pòtigè

☐ Sidès Azyatik

☐ Afriken Sib-Saharyen

☐ Lòt (tanpri presize):

Lang Prensipal:

Peyi kote ou te fèt:

Ane Antre Ozetazini

(si moun nan pa t fèt Ozetazini):

SEKSYON 3 – ESTATI VIH AK DYAGNOSTIK

Dat dyagnostik VIH la:

(JJ/MM/AA)

Dat dyagnostik SIDA (si sa aplikab):

(JJ/MM/AA)

Dènye chif CD4:

Dat:

(JJ/MM/AA)

Dènye Chaj Viral:

Dat:

(JJ/MM/AA)

Kategori ekspozisyon nan VIH: *(Koche tout sa yo ki aplikab)*

☐ Gason ki fè sèks ak gason

☐ Itilizatè dwòg enjektab

☐ Kontak Etewoseksyèl

☐ Emofili/

☐ Atravè san, pwodui san, tisi

☐ Lòt

☐ Enkoni

Twoub Koagilasyon

Doktè Swen Prensipal:

Dat dènye vizit:

(JJ/MM/AA)

Telefòn:

Èske yo te dyagnostike w ak Epatit C (HCV)?

☐ Wi

☐ Non

SEKSYON 4 – REVNI, ASIRANS, AK LOJMAN

Ap travay? ☐ Wi ☐ Non

Revni Anyèl:

Gwosè Fanmi:

Asirans Medikal: *(Koche tout sa yo ki aplikab)*

Asirans Dantè: *(Koche tout sa yo ki aplikab)*

☐ Okenn

MassHealth:

☐ Medicare

☐ Estanda

☐ Limite

☐ Prive

☐ Lòt:

☐ Okenn

MassHealth:

☐ Medicare

☐ Estanda

☐ Limite

☐ Prive

☐ Lòt:

Estatè Lojman: *Tanpri chwazi youn*

☐ Lojman pèmanan

☐ Lojman tranzisyonèl

☐ Refij ijans Etablisman

☐ Sikyatrik

☐ Etablisman tretman pou abi sibstans

☐ Anprizone

☐ Tanporèman sejou lakay fanmi/zanmi

Si gen lojman pèmanan:

☐ Posede

☐ Lwaye

Èske lwaye a sibvansyone?

W

N

☐

SEKSYON 5 – SÈVIS SWEN

Pwoblèm Dantè: *(Koche tout sa yo ki aplikab)*

☐ Doulè

☐ Senyen

☐ Anflamasyon

☐ Lezyon nan bouch

☐ Malidi Jansiv

☐ Kari Dantè

☐ Dan kase/andomaje

☐ Dan ki manke

☐ Bezwen Fo Dan

Lokal dènye vizit lakay dantis:

Telefòn:

Dènye randevou a:

(JJ/MM/AA)

Rezon vizit:

☐ Operasyon

☐ Woutin

☐ Ijans

☐ Andodontik

☐ Pwostetik

☐ Peryodontik

☐ Lòt

Èske kabinè dantè a te okouran estatè VIH/SIDA ou? ☐ Wi ☐ Non

Èske w te satisfè ak swen an?

☐ Wi

☐ Non

Si pasyan pa te wè dantis nan douz mwa ki sot pase yo, tanpri endike rezon an (yo):

☐ Finansye

☐ Divilgasyon/Konfidansyalite

☐ Diskriminasyon

☐ Pa konvenab

☐ Laperèz

☐ Depase/Distans

☐ Manke/Enkoni

☐ Lòt



PWOSEDI DOLEYANS PWOGRAM DANTÈ RYAN WHITE (RWDP)

Yo konsidere plent kliyan yo seryezman. Yo jere yo an fonksyon sib la ak nati plent lan.

Pandan pwosesis admisyon RWDP a, yo ta dwe fè kliyan an konnen pwosedi doleyans swa kont yon dantis ki asosye ak RWDP swa kont RWDP menm.

- I. Si yon kliyan gen yon enkyetid konsènan yon dantis RWDP te refere ou, yo ta dwe avize kliyan an pou l rele RWDP nan 617-534-2344 pou rezolisyon ak/oswa yon nouvo referans.
- II. Yo ta dwe di kliyan yo ke plent kont RWDP oswa pèsònèl li ka adrese bay Direktè RWDP a. Si sa pa satisfè kliyan an oswa ajan li a, li ka pote plent lan bay Direktè Biwo Maladi Enfektye Komisyon Sante Piblik Boston an nan (617) 534-5611.

Si yon moun rele RWDP konsènan yon plent kont yon dantis ki pa afilye ak RWDP, yo ta dwe avize moun nan sou opsyon sa yo:

- a) Kontakte Konsèy Registration in Dentistry a
- b) Kontakte yon avoka

Siyati Kliyan: _____

Ekri Non an Lèt Detache: _____

Dat: _____